

Kesyon moun poze souvan sou vaksen kont COVID-19

Mizajou: 23 out 2021

Disponibilite epi pran randevou pou vaksen an

Ki kote mwen kapab pran yon vaksen kont COVID-19?

Etandone nou rive gen siksè nan efò nou yo jouk jounen jodi a ansanm ak ogmantasyon ki fèt nan to vaksinasyon nan kominote a, nou diminye sou kantite [klinik vaksinasyon](#) nou yo. Nou pran randevou pou pasyan ki gen laj 12 lane ak sa ki pi gran yo pou pran premye dòz vaksen an sou yon baz limite. [Vizite sitwèb pou pwogramasyon randevou nou an pou pwograme yon randevou](#). Nou genyen tou yon seri kamyonèt kominotè ki bay vaksen kont COVID-19 gratis nan kèk jou ak kèk lè espesifik; ou pa bezwen gen randevou. Tanpri, [gade orè a](#) pou konnen kilè n ap nan katye pa w la.

Nan Massachusetts, ou kapab [ale sou sitwèb Mass.gov](#) la tou pou jwenn randevou pou vaksinasyon ki toupre ou oswa konpoze 2-1-1. Nan New Hampshire ou kapab ale sou [Vaccines.nh.gov](#) pou jwenn yon kote ki toupre ou. Oswa, ou kapab fè rechèch sou [vaccines.gov](#), voye kòd postal ou nan mesaj tèks nan 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon kote.

Mwen resevwa premye dòz la nan yon lòt lopital oswa yon kote an deyò Mass General Brigham. Èske mwen kapab pran dezyèm dòz mwen an nan Mass General Brigham?

Non, nou pa pwograme randevou pou dezyèm dòz, sof si ou te deja pran premye dòz ou an nan yon lokal nan Mass General Brigham. Nou konseye ak tout fòs nou pou pasyan yo pran dezyèm dòz yo a nan menm lokal kote yo te pran premye dòz yo a.

Vaksen Pfizer ak vaksen Moderna a egzije pou pran de (2) dòz. Vaksen Johnson & Johnson (Janssen) lan egzije yon sèl dòz sèlman.

Kijan mwen kapab konnen ki vaksen mwen pral pran nan pwochen randevou vaksinasyon mwen an?

Pi bon vaksen an se vaksen ki disponib pou ou nan jou randevou w lan. Se gouvènman eta a ak gouvènman federal la ki founi Mass General Brigham rezèv vaksen yo a. Malgre nou pa chwazi ki vaksen pou nou resevwa pou distribye, nou sitou ap administre vaksen Pfizer yo nan klinik vaksinasyon nou yo.

Tanpri sonje: Pasyan ki gen laj 12 a 17 lane yo pral resevwa vaksen kont COVID-19 Pfizer a paske se li ki otorize aktyèlman pou gwoup laj sa a.

Sa pou atann lè w ale nan yon randevou pou pran vaksen kont COVID-19

Li kesyon moun poze souvan sou a kisa pou w atann ou lè w ap pran yon vaksen kont COVID-19, ki gen ladan enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo.

[Kesyon Moun Poze Souvan sou a kisa pou w atann ou nan vaksinasyon an](#)

Osijè vaksen kont COVID-19 Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (Food and Drug Administration, FDA) otorize pou itilizasyon annijans yo

Èske vaksen yo san danje?

Nou p ap rekòmande okenn vaksen yo pa demontre ki san danje e ki efikas. Y ap itilize vaksen kont COVID-19 aktyèl yo sou otorizasyon ijans Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) a. Se Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ki rekòmande yo. Yo te teste vaksen kont COVID-19 yo nan esè klinik sou grann echèl avèk plizyè milye moun diferan ras, laj ak orijin. Chak vaksen pase nan yon pwosesis revizyon règlemantè ki rijid. Nou kontinye ap swiv nenpòt pwoblèm medikal oswa sekirite pou tout vaksen yo.

Èske gen enkyetid sou efè segondè ki grav vaksen Johnson & Johnson (Janssen) lan lakoz?

FDA ansanm ak CDC te modifiye enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson (Janssen) lan akòz yon pwoblèm potansyèl sou sekirite. Yo rapòte trè raman yon kalite boul san ki rele twonbòz venèz sinis serebral pami pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan. Malgre li trè ra, sanble se lakay fanm ki nan laj 18-49 lane yo risk pou gen kèk kayo nan san an pi elve.

FDA ansanm ak CDC rete konfyan ke vaksen sa a san danje epi li efikas pou prevni COVID-19. FDA a deklare avantaj nou konnen ak avantaj pwobab vaksen an depase risk nou konnen ak risk pwobab vaksen an genyen lakay moun ki gen laj 18 lane oswa pi gran. Nan moman sa la a, done nou genyen ki disponib yo montre ke posiblite pou moun gen kayo nan san an ba anpil. FDA ansanm ak CDC rete vijilan nan kontinye mennen ankèt sou risk sa a.

Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb FDA a](#).

Kijan vaksen Johnson & Johnson lan fonksyone?

Vaksen Johnson & Johnson lan se pa yon vaksen ARNm. Se yon vaksen vektè adenoviral. Li sèvi avèk yon vèsyon modifiye viris rim lan ki rele adenoviris 26 pou pase kò ou lòd pou li pwodui pwoteyin apwent yo jwenn sou sifas kowonaviris la. Apresa, sistèm iminitè w kapab kreye antikò kont pwoteyin sa yo pou pwoteje w kont COVID-19 la. Ou pa kapab trape grip la nan vaksen an.

Vaksen kont COVID-19 Pfizer ak Moderna yo se vaksen ARNm yo ye. Kisa sa vle di?

Malgre vaksen ARNm yo se yon nouvo kalite vaksen, chèchè yo gen anpil ane depi y ap etidye ak travay sou vaksen sa yo. Yo pa gen viris vivan ladan yo epi yo paka lakòz COVID-19. Okontrè, yo montre selil nou yo kijan pou yo devlope yon pwoteyin COVID-19 ke w jwenn sou kouch eksteryè kowonaviris la. Konsa, sistèm iminitè nou kapab devlope antikò kont pwoteyin sa yo ak pwoteje nou kont enfeksyon COVID-19. ARNm ki nan vaksen yo pa p janm antre nan nwayo selil nou yo ni yo pa p antre nan ADN nou nonplis. CDC a gen [enfòmasyon sou vaksen ARNm yo](#).

Èske m ka trape COVID-19 apati yon vaksen?

Non. Vaksen yo (Pfizer, Moderna oswa Johnson & Johnson) pa gen viris la annantye ni viris vivan ladan yo. Kidonk, yo pa ka lakòz COVID-19.



Kijan nou fè konnen si vaksen yo fonksyone? Èske vaksen Johnson & Johnson lan efikas pou pwoteje kont COVID-19 menm jan ak lòt vaksen ki disponib yo?

Tout vaksen kont COVID-19 yo pwouve yo vrèman efikas. Daprè sa yo konstate nan premye esè Faz 3 yo, [vaksen Pfizer](#) a te efikas a 95% 7 jou apre dezyèm dòz la. [Vaksen Moderna](#) a te efikas a 94% 14 jou apre dezyèm dòz la. Rezilta sa yo te rete konsistan kèlkeswa sèks, laj ak etnisite moun yo.

Daprè sa yo kontaste nan premye esè klinik yo, [vaksen Johnson & Johnson](#) lan te efikas a 85% kont maladi grav COVID-19 la. Epitou li bay yon pwoteksyon a 100% kont ospitalizasyon ak lanmò akòz COVID-19.

Gade enfòmasyon yo sou [sitwèb CDC a](#).

Konbyen tan iminite a ap dire apre mwen fin pran vaksen an? Èske m ap gen pou m pran vaksen an chak ane?

Nou poko konnen. Y ap kontinye swiv patisipan yo, atravè esè klinik yo, pou yo gade konbyen tan pwoteksyon an ap dire. N ap founi tout dènye enfòmasyon yo dèke yo vin disponib.

Èske m bezwen pran dòz adisyonèl apre m fin pran tout dòz vaksen yo?

CDC rekòmande kounye a yon [twazyèm dòz](#) pou kèk moun ki te pran vaksen kont COVID-19 Pfizer oswa Moderna a pou yo konplete premye seri 2 dòz yo a.

Tanpri sonje, nan moman sa a, pa gen **okenn rekòmandasyon** pou moun ki te pran vaksen Johnson & Johnson nan pran swa yon lòt dòz Johnson & Johnson oswa yon dòz nan vaksen kont COVID-19 Pfizer oswa Moderna a.

Moun ki gen [sistèm iminitè ki afebli yon fason ki modere rive nan grav anpil](#) yo ta dwe pran yon lòt dòz. Moun sa yo se moun:

- Yo ap trete aktivman pou kansè
- Ki te resevwa yon grèf ògàn solid epi ki ap pran medikaman pou siprime sistèm iminitè a
- Ki te resevwa yon terapi selil CAR-T
- Ki te resevwa yon grèf selil souch nan 2 dènye ane ki sot pase yo oswa ki ap pran medikaman pou siprime sistèm iminitè a apre yon grèf selil souch
- Ki gen iminodefisyans primè ki modere oswa grav (ki gen ladan tout pasyan k ap resevwa IVIg oswa SCIG akòz yon defisyans iminitè ki pa deklare; pasyan ki gen lòt defisyans iminitè soujasan men ki p ap resevwa ranplasman IgG yo kapab jwenn konsèy sou yon baz ka pa ka)
- Ki gen enfeksyon VIH ki avanse oswa ki pa trete (ke yo defini anjeneral kòm yon kantite selil CD4 ki mwens pase 200 oswa yon pousantaj selil CD4 ki 14 oswa mwens)
- Ki ap pran gwo dòz kòtikostewoyid (sa vle di, ekivalan 20 oswa plis miligram Prednisone pa jou)
- Ki ap pran lòt medikaman ki ka siprime repons iminitè a (sa vle di inibitè nekwoz timè oswa lòt ajan byolojik ki afebli sistèm iminitè a oswa ki chanje sistèm iminitè kò a)

CDC pa rekòmande dòz adisyonèl pou okenn lòt popilasyon moun nan moman sa a. Si ou vaksinen konplètman, pa gen okenn lòt bagay ou bezwen fè. N ap bay dènye enfòmasyon yo si genyen rekòmandasyon pou dòz adisyonèl vaksen kont COVID-19 yo pou moun ki pa gen sistèm iminitè ki afebli defason modere a grav anpil yo.



Mwen te gen COVID-19 deja. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Wi, ou kapab toujou pran vaksen an menm si ou te deja gen COVID-19 epi ou refè.

Sepandan, ou pa dwe vaksinen si:

- Ou gen yon enfeksyon COVID-19 ki aktif epi ou ann izolman: ou dwe tann jouk ou pa nan izolman an, oswa
- Gen [sentòm ki ta ka lye ak COVID-19](#) : ou dwe tann jiskaske yo evalye w e detèmine ou pa gen yon enfeksyon.

Ki efè segondè komen yon vaksen kont COVID-19 genyen?

Kèk moun ka gen efè segondè apre yo fin resevwa vaksen an. Pou majorite moun, efè segondè lejè yo disparèt nan yon jou ou 2. Men sentòm yo rapòte pi souvan yo:

- Pou vaksen Pfizer a - doulè kote moun pran piki a, fatig, tèt fè mal, doulè nan misk, doulè nan jwenti ak frison.
- Pou vaksen Moderna a - doulè kote moun pran piki a, fatig, tèt fè mal, doulè nan misk, frison, doulè nan jwenti, gangliyon lenfatik anfle nan menm bra kote moun pran piki a, kèplen ak vomisman, ak lafyèv.
- Pou vaksen Johnson & Johnson lan - doulè kote moun pran piki a, tèt fè mal, fatig, doulè nan misk ak kèplen.

[Li plis enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo](#)

Kilè mwen vaksinen konplètman?

Yo konsidere ou vaksinen konplètman si sa te fè:

- **2 semèn** depi ou te resevwa vaksen yon dòz Johnson & Johnson lan oswa
- **2 semèn** depi ou te resevwa **dezyèm dòz** vaksen Pfizer oswa Moderna a.

*Si sa gen mwens pase 2 semèn, ou **pa** vaksinen konplètman.*

Èske m bezwen fè yon tès antikò pou COVID avan oswa apre m fin pran yon vaksen kont COVID-19?

Aktyèlman, li pa rekòmande pou fè tès antikò pou evalye si yon moun gen pwoteksyon kont COVID-19 apre li fin pran vaksen kont COVID-19 ni la pa rekòmande pou evalye nesosite pou yon moun ki pa pran vaksen genyen pou l pran vaksen. Tès antikò pou teste antikò anti-Pik la disponib nan MGB atravè etid rechèch klinik yo sèlman.

Mask, distans sosyal ak nouvo varyan yo

E pou kesyon mete mask ak kenbe distans sosyal la?

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb CDC a](#), [sitwèb Eta Massachusetts la](#), ansanm ak [sitwèb Eta New Hampshire la](#). Sonje direktiv eta a ansanm ak direktiv lokal yo ka varye konsènan mete mask ak/oswa rasanbleman anndan/deyò. Direktiv vil ou a ka petèt diferan. Kidonk, li enpòtan pou verifeye direktiv lokal ou yo.

Pasyan ki fè **grèf ògàn solid oswa ki iminodeprime** yo dwe pale avèk ekip swen yo a pou diskite sou rekòmandasyon sou mask ak distans sosyal.



Menm apre ou fin pran tout dòz vaksen yo, ou kapab toujou pran enfeksyon apre vaksinasyon. Erezman, enfeksyon sa yo gen tandans lejè oubyen yo ka pa menm prezante sentòm. Sepandan, si ou gen [sentòm COVID-19](#), ou dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante w la, kèlkeswa estati vaksinasyon w. Li ka nesèsè pou yo [teste w pou COVID-19](#). Jwenn plis enfòmasyon [sou sitwèb CDC a](#).

Tanpri sonje: Pasyan ak vizitè yo nan lopital Mass General Brigham yo ak nan etablisman swen sante yo dwe kontinye mete yon mask etablisman an bay tout tan lè ou nan etablisman nou yo. Anplwaye yo pral kontinye fè sa tou. Mezi sa a se pou sante ak sekirite tout moun ki sou kont nou epi se sa otorite sante piblik yo rekòmande. Gade [politik sou mask nou an](#).

Kisa varyan Delta a ye?

Viris yo toujou ap chanje atravè mitasyon. Yon varyan gen youn oswa plis mitasyon ki rann li diferan parapò ak lòt varyan k ap sikile yo. Jan nou te prevwa a, yo te dokimante plizyè varyan COVID-19 nan peyi Etazini ak nan lemond antye pandan pandemi sa a.

Varyan Delta nan kominote nou epi li ap pwopaje. Nou toujou kontinye ap aprann sou varyan sa. Men nou konnen an reyalyte varyan Delta a pwopaje **pi fasil** pase viris COVID orijinal la. [Li pwopaje plis kay moun ki pa vaksinen](#). Nou poko konnen si li lakòz fòm pi grav maladi an. Nou aktyèlman ap aprann toujou sou varyan Delta ak lòt varyan yo.

Èske varyan Delta a ka enfekte moun ki pran vaksen yo?

Byenke moun ki enfekte yo kapab toujou enfekte, bon nouvèl la se ke vaksen an pral ba ou yon bon pwoteksyon. Enfeksyon kay moun ki enfekte —ki rele tou“enfeksyon apre vaksinasyon”—gen tendans pou swa modere oswa san okenn sentòm. Sepandan, moun ki enfekte yo, menm si yo te pran vaksen an, ka toujou pwopaje maladi a bay lòt moun.

Si ou gen sentòm COVID-19 oswa te ekspoze, swiv rekòmandasyon sante piblik yo konsènan karantèn, ak fè tès.

Vaksinasyon an toujou rete pi bon pwoteksyon kont viris la. Li enpòtan pou konnen ke pifò ka COVID-19, entènè lopital ak lanmò yo rive kay moun ki pa vaksinen.

Alèji

Èske vaksen kont COVID-19 yo lakòz reyaksyon alèjik?

Te gen kèk moun ki rapòte reyaksyon alèjik apre yo te vaksinen. Gen yon ti kantite moun ki te gen yon reyaksyon alèjik ki grav ki rele anafilaksi. Pou rezon sa a, Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande pou moun ki gen yon antesedan anafilaksi pou nenpòt nan engredyan ki nan yon vaksen kont COVID-19, pa pran vaksen an. Moun ki gen lòt alèji avèk manje oswa medikaman ka vaksinen.

Anjeneral, pifò pasyan ki fè alèji avèk yon vaksen kapab pran lòt vaksen yo san danje. Si w gen yon istorik reyaksyon alèjik grav ak vaksen, terapi enjeksyon, oswa nenpòt konpozan nan vaksen kont COVID-19 la, ou dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante prensipal ou a oswa espesyalis nan alèji w la (si w gen youn). Pwofesyonèl swen sante w la kapab ede w deside si w kapab pran vaksen an san danje.

[Li plis enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo](#)



Èske mwen kapab pran vaksen kont COVID-19 la si mwen gen yon alèji avèk manje oswa medikaman?

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 si ou gen yon alèji avèk manje oswa medikaman. Vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna, ak Johnson & Johnson pa gen jelatin, ze, oswa latèks ladan yo. Sepandan, si ou gen yon istorik anafilaksi akòz nenpòt rezon (manje, medikaman ou pran nan bouch, venen, latèks), yo ka obsève ou pandan 30 minit apre ou resevwa vaksen an.

Ki engredyen ki nan vaksen COVID-19 yo?

Vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna, ak Johnson & Johnson pa gen jelatin, ze, oswa latèks ladan yo. Epitou, yo pa fè bouchon flakon yo ak latèks kawotchou natirèl. Pasyan ki fè alèji avèk latèks yo kapab pran vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna ak Johnson & Johnson yo.

Vaksen COVID-19 Pfizer ak Moderna yo gen ladan poliyetilèn glikòl. Reyaksyon ak poliyetilèn glikòl yo ra anpil. Pasyan ki gen yon istorik pou reyaksyon alèjik ak poliyetilèn glikòl yo ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo a avan yo resevwa vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a.

Engredyen vaksen kont COVID-19 yo

	Pfizer-BioNTech	Moderna	Johnson & Johnson
Aktif	ARN mesaje nikleyosid modifiye (modRNA) ki kode glikopwoteyin pwent (S) viral nan SARS-CoV-2.	ARN mesaje (mRNA) nikleyosid modifiye ki kode glikopwoteyin pwent (S) viral nan SARS-CoV-2	Adenoviris rekonbine tip 26 ki pa kapab repwodi ki ekspriye pwoteyin pikan SARS-CoV-2 a
Lipid - inaktif	(4-idwoksibitil)azanediyl)bis(eksàn-6,1-diy)bis(2-eksildekanowat)	SM-102 (Propriyete eksklizif Moderna)	2-idroksipwopil- β -siklodekstrin (HBCD)
	2[(poliyetilèn glikòl [PEG])-2000]-N,N-ditetradesilasetamid	Poliyetilèn glikòl (PEG) 2000 dimiristoyl glisewòl (DMG)	Polisòbat-80
	1,2-disteyawoyl-sn-glysewo-3-fosfokolin	1,2-disteyawoyl-sn-glysewo-3-fosfokolin	
	Kolestewòl	Kolestewòl	
Sèl, sik, tanpon – inaktif	Potasyòm klori, monobazik, fosfat potasyòm, klori sodyòm, fosfat sodyòm dibazik diyidrate	Twometamin, idwoklorid twometamin, asid asetik, asetat sodyòm	Asid sitrik monoyidrat, sitrat trisodyòm diyidrate
	Sik (sikwoz)	Sik (sikwoz)	Etanòl
	Dilyan an, yo ajoute nan vaksen an pou yo bay li, se yon dlo sale (klori sodyòm)	Pa bezwen dilyan	Klori Sodyòm



Kisa yon alèji ak vaksen ye?

Menm jan ak alèji ak medikaman oswa manje, gen moun ki kapab fè alèji ak yon engredyan nan yon vaksen. Apeprè mwatye nan reyaksyon alèjik avèk vaksen yo rive nan premye 15 minit apre ou resevwa vaksen an, epi 90% rive nan premye 30 minit yo. Majorite reyaksyon alèjik avèk vaksen yo lejè, tankou itikè.

Yon reyaksyon alèjik ki grav yo rele anafilaksi, ki vrèman ra, rive nan youn sou yon milyon moun pou majorite vaksen yo. Sentòm anafilaksi yo prèske toujou rive sou 4 èdtan apre vaksen an, pi souvan nan kèlke minit. Sentòm yo anjeneral prezante sou plizyè pati nan kò a: itikè sou po, enflamasyon bouch, po bouch, lang oswa gòj, souf kout, souf anlè, oswa lestomak sere, oswa tansyon ki ba oswa pèdi konesans.

Kisa ki rive si mwen gen yon reyaksyon avèk vaksen kont COVID-19 la?

Paske majorite reyaksyon alèjik yo rive nan premye 15-30 minit yo, yo pral obsève tout pasyan yo pandan 15 minit apre yo vaksinen pou veye reyaksyon alèjik. Si ou gen yon istorik anafilaksi, ou gen dwa gen yon peryòd obsèvasyon 30 minit apre ou vaksinen an. Si ou gen yon reyaksyon alèjik, ekip medikal la pral trete ou menm lè a. Tout sant vaksinasyon yo kapab dyagnostike epi jere reyaksyon alèjik epi gen medikaman, tankou epinefrin (“Epi-Pen”), disponib ladan yo.

Pasyan ki iminodeprime

Mwen iminodeprime. Èske mwen ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19?

Wi, li enpòtan pou pran vaksen. Moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo gen plis risk pou yo gen enfeksyon ki grav ak pou yo entène lopital akòz enfeksyon COVID-19. Yo kapab bay moun ki iminodeprime yo vaksen kont COVID-19 yo san danje, depi yo pa t gen okenn pwoblèm pou yo pran yo oparavan. Pou poze kesyon sou alèji ki gen pou wè ak vaksen kont COVID-19, tanpri gade [kesyon moun poze souvan sou alèji](#).

Pasyan ki iminodeprime yo genyen ladan yo moun ki:

- Ap viv ak maladi VIH
- Moun ki sou terapi iminosipresè tankou esteroyid (prednisone) pandan lontan
- Moun ki sou terapi iminosipresè pou prevansyon rejè grèf ògàn
- Moun ki sou medikaman ki afekte iminite tankou terapi biyolojik (souvan sou fòm piki). Sa yo sèvi pou tretman maladi oto-iminitè tankou maladi Crohn, poliatrit rimatoyid, lipis, ak lòt maladi.

CDC rekòmande pou moun ki gen sistèm iminitè ki afebli defason modere a grav anpil yo pran yon lòt dòz nan vaksen Pfizer oswa Moderna a. **Li plis enfòmasyon nan seksyon *Konsènan Vaksen yo ki anwo a* (paj 3, *Èske m bezwen pran dòz adisyonèl apre m fin pran tout dòz vaksen yo?*).**

Èske vaksen kont COVID-19 yo ban m menm pwoteksyon menm jan ak moun ki pa iminodeprime yo?

Nou poko konnen nan ki pwen vaksen kont COVID-19 yo pral efikas pou ou. An jeneral, li nòmal pou moun ki gen sistèm ki afebli yo pa jwenn menm kantite pwoteksyon vaksen yo bay la. Pou moun ki resevwa grèf yo, pwoteksyon diminye sa a lye ak medikaman iminosipresè moun nan pran apre li fin fè operasyon an. Fonksyon medikaman sa yo se siprime sistèm iminitè a pou kò a pa rive rejte ògàn donè a.



Reyaksyon antikò yo fas ak vaksen kont COVID-19 yo lakay moun ki fèk fè grèf ògàn yo pi fèb pase pa piblik jeneral la. Men yo toujou genyen ti reyaksyon lejè pa rapò ak vaksen yo.

Pou pasyan ki fè grèf yo, yon reyaksyon antikò ki diminye apre yo fin pran tout dòz vaksen yo ka depann de plizyè faktè:

- **Laj**—Pasyan ki pi aje yo gen tandans devlope yon reyaksyon iminitè ki pi fèb apre yo fin pran vaksen an
- **Kalite medikaman iminosipresè yo**—Gen kèk medikaman ki siprime sistèm iminitè a plis pase lòt. Medikaman ki pi fò yo lye ak yon reyaksyon antikò ak reyaksyon selilè ki pi fèb parapò ak vaksen kont COVID-19 yo.
- **Kantite tan ki pou pase apre grèf la**—Peryòd iminosipresyon ki pi plis la se twa a sis premye mwa apre moun nan fin fè grèf. An jeneral, yo pa bay moun vaksen pandan peryòd sa a.

CDC rekòmande pou moun ki gen sistèm iminitè ki afebli defason modere a grav anpil yo pran yon lòt dòz nan vaksen Pfizer oswa Moderna a. **Li plis enfòmasyon nan seksyon *Konsènan Vaksen yo ki anwo a (paj 3, Èske m bezwen pran dòz adisyonèl apre m fin pran tout dòz vaksen yo?)*.**

Èske mwen ta dwe chanje medikaman iminosipresyon mwen yo lè mwen vaksinen?

Ou pa dwe chanje medikaman iminosipresè w yo sof si pwofesyonèl swen sante w la mande w pou fè sa a.

Èske mwen kapab pran yon vaksen kont COVID-19 si mwen te fè yon grèf ògàn?

Wi, ou kapab epi ou ta dwe pran vaksen an. Menm si li posib pou yon vaksen kont COVID-19 mwens efikas pou ou, li toujou rekòmande pou pran vaksen. Toujou gen yon avantaj enpòtan ki pwobab nan prevni enfeksyon ki grav ak entènè lopital akoz enfeksyon COVID-19. Pa gen preferans pou yon vaksen kont COVID-19 espesifik si ou se yon pasyan ki fè grèf. Li ka pi bon pou tann omwen 3 mwa apre grèf ou a pou pran vaksen an pou kapab amelyore reyaksyon iminitè w fas ak vaksen ou pran an. Pwofesyonèl swen sante ki fè grèf pou ou a pral detèmine ki lè k ap pi bon pou pran vaksen an epi li kapab di w si ou bezwen tès laboratwa grèf apre w fin pran vaksen an.

Si mwen te fè yon grèf ògàn solid, èske mwen ka sispann mete mask si mwen vaksinen?

Malgre direktiv ki ajou CDC bay pou moun ki pran tout dòz vaksen yo, li esansyèl pou moun ki resevwa grèf yo kontinye pran tout mezi sekirite ki nesèsè kont COVID-19 yo pou yo kapab pwoteje tèt yo kont viris la. Mezi sa yo se mete mask lè w nan espas piblik—ni anndan ni deyò—epi kenbe distans sosyal la.

Pou moun ki iminodeprime epi ki pran vaksen yo, [CDC rekòmande](#) pou yo kontinye pran menm prekosyon menm jan ak moun ki pa pran vaksen yo. Kidonk, nou rekòmande pou ou:

- Pa rasanble ak fanmi/zanmi ki p ap viv nan menm kay avè w, san w pa mete mask ni w pa dwe kanpe nan yon distans ki pi piti pase 6 pye pa rapò ak yo, ***kèlkeswa estati vaksinasyon yo***. Moun ki vaksinen ka pwopaje viris la bay lòt moun.
- Mete yon mask ki byen chitas ou figi w lè ou deyò lakay ou.
- Lave men ou souvan, espesyalman anvan w manje.
- Rete a omwen 6 pye (2 longè bra) distans avèk lòt moun ki pa p viv avèk ou.
- Evite foul ak espas kote lè a pa byen sikile. Plis ou gen moun ou an kontak avèk yo, plis ou gen chans pou ekspozè avèk COVID-19 la.
- Pa vwayaje pou kounyeya.



Selon rekòmandasyon CDC yo, nou pa rekòmande tès antikò pou kounyeya. N ap teste toujou pi bon metòd pou detèmine iminite. Nou pa konnen ki nivo antikò k ap bay pwoteksyon pou pasyan grèf yo. Nou espere gen plis enfòmasyon avan lontan.

M ap tann yon grèf ògàn. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Li vrèman rekòmande pou pasyan yo pran vaksen kont COVID-19 yo a avan yo fè grèf la si sa posib. Se paske lè w pran vaksen an avan w kòmanse pran medikaman iminosipresè yo, sa pral ede w jwenn plis pwoteksyon kont enfeksyon COVID-19 yo.

Gwosès ak alètman

Mwen ansent. Èske m ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la?

Yo konsidere vaksen kòm yon etap woutin ki san danje nan swen avan akouchman. Paregzanp, yo pa sèlman ofri vaksen grip la pandan gwosès men yo rekòmande li.

Daprè done ki montre fanm ansent yo gen plis risk pou yo tonbe malad byen grav anba COVID-19 ak nouvo done ki montre vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo efikas pandan gwosès, de pi gwo òganizasyon ostetrik ak jinekoloji (OB/GYN) yo, American College of Obstetricians and Gynecologists (ACOG) ansanm ak Society for Maternal and Fetal medicine (SMFM), [kounye a rekòmande](#) vaksen sa pou tout fanm ansent.

Desizyon w pou pran vaksen pandan peryòd gwosès ou a ta dwe chita sou risk ou genyen pou ekspozè ak viris la, nan ki pwèn ou ka tonbe malad si ou trape viris la, ansanm ak dènye done ki disponib sou vaksen yo. Avèk sipò pwofesyonèl swen obstetrik (OB) ou a, ou kapab pale pou konnen ki opsyon ki pi bon pou ou.

Mwen konnen vaksen kont COVID-19 yo fèk parèt. Èske gen done ki disponib sou sekirite pou moun ansent yo?

Tankou nenpòt nouvo medikaman ak vaksen, yo te etidye vaksen kont COVID-19 yo sou zannimo ki plenn epi etid sa yo pa t montre okenn konplikasyon ki lye ak fètilite oswa repwodikasyon apre yo fin pran vaksen an.

Gen plis pase 30,000 moun ansent ki te pran vaksen Pfizer/BioNTech oswa Moderna a nan peyi Etazini depi desanm 2020 jiska jounen jodi a, CDC rapòte pa gen okenn enkyetid sou sekirite.

Pandan vaksen Johnson & Johnson lan se vaksen ki pi resan FDA a apwouve, yo te itilize kalite vaksen sa kont lòt viris nan plizyè etid ki fèt toupatou nan mond lan. Kèk nan etid sa yo te gen ladan yo moun ansent. Yo pa rapòte okenn konplikasyon apre moun yo fin pran vaksen an.

[Li plis enfòmasyon sou konsiderasyon CDC fè sou vaksen yo.](#)



Si mwen deside pran vaksen an pandan gwosès mwen an, èske lè mwen pran vaksen an gen enpòtans?

Se ou menm ansanm ak obstetrisyen ou ki pou detèmine ki lè pou pran vaksen an. Desizyon sa a dwe pran an konsiderasyon risk ekspozisyon ou avèk viris la ak ki chans ou genyen pou ta vin malad grav si ou ta trape viris la. Pa genyen done ki montre vaksen COVID-19 yo lakòz foskouch.

Mwen tande gen kèk moun ki fè reyaksyon apre vaksinasyon an. Èske sa yo danjere pandan gwosès?

Pami sentòm yo genyen lafyèv, doulè nan misk, doulè nan jwenti, fatig ak tèt fè mal ki se efè segondè komen toule twa vaksen kont COVID-19 yo. Majorite efè segondè modere yo sispann apre youn oswa de jou epi yo pa kwè yo danjere. Si ou gen enkyetid sou efè segondè vaksen yo ak sou gwosès ou a, pale avèk pwofesyonèl swen Obstetrik (OB) ou a avan ou pran vaksen an.

Èske gen enkyetid sou efè segondè ki grav vaksen Johnson & Johnson (Janssen) nan lakoz pandan gwosès?

Yo rapòte trè raman yon kalite boul san ki rele twonbòz venèz sinis serebral pami pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan. Malgre li trè ra, sanble se lakay fanm ki nan laj 18-49 lane yo risk pou gen kèk kayo nan san an pi elve. Apre yon ankèt apwofondi sou evènman ra sa yo, FDA ansanm ak CDC rete konfyan vaksen san danje epi li efikas pou prevni COVID-19 pou tout moun ki gen 18 lane ak plis ni pou moun ansent yo tou.

Nan moman sa la a, done nou genyen ki disponib yo montre posiblite pou moun gen kayo nan san akòz vaksen an ba anpil, men FDA ansanm ak CDC ap rete vijilan pandan y ap kontinye mennen ankèt sou risk sa a.

Moun ki pran vaksen Johnson & Johnson lan nan 21 jou ki sot pase yo ki gen gwo tèt fè mal, doulè nan vant, doulè nan janm oswa souf kout ta dwe chache fè evalyasyon touswit.

Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb FDA a](#).

Si mwen deside pran vaksen an pandan gwosès mwen an, èske vaksen sa a pral pwoteje tibebe m nan tou kont COVID-19?

Wi! Etid ki fèk fèt sou moun ansent ki pran vaksen kont COVID-19 la pandan gwosès yo a montre yo transmèt pwoteksyon an bay tibebe yo a. Pwoteksyon sa a ka prevni COVID-19 pou tibebe w la.

Mwen ap bay tete. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Aktyèlman, y ap bay moun k ap bay tete yo vaksen kont COVID-19 yo. Yo pa kwè vaksen kont COVID-19 yo reprezante risk pou timoun k ap tete manman ki te pran vaksen yo pwiske nenpòt konpozan vaksen an ki rive nan lèt tete a gen chans pou l dezaktive rapid lè timoun nan dijere lèt la.

Anplis de sa a, gen kèk etid resan ki montre pwoteksyon w genyen kont COVID-19 la kapab ale nan ti bebe atravè lèt tete a apre ou fin pran vaksen an. Akademi sou Medsin Alètman (Academy of Breastfeeding Medicine) rekòmande pou tout fanm k ap bay tete pran yon vaksen kont COVID-19.

Èske lè m pran vaksen an, sa pral afekte chans pou mwen ansent alavni?

Pa gen okenn prèv ki montre vaksen sa yo afekte kapasite pou ansent alavni.

Nan yon deklarasyon komen, American College of Obstetricians and Gynecologists (ACOG), American Society for Reproductive Medicine (ASRM), ansanm ak Society for Maternal-Fetal Medicine (SMFM) te deklare ke "pa gen okenn prèv ki montre vaksen yo ka fè moun pa ka ansent. Pandan yo pa t sitou etidye kapasite pou fanm tonbe ansent nan esè klinik ki te fèt sou vaksen yo, yo pa t rapòte okenn nan



patisipan nan esè yo ni okenn pami milyon ki te pran vaksen yo apre otorizasyon te vin pa ka ansent, epi yo pa jwenn okenn siy enfètilite nan etid ki fèt sou zannimo yo tou. Sou plan syantifik li pa pwobab pou moun rive pa ka ansent.”

Si mwen pran vaksen Pfizer/BioNTech la oswa Moderna a, kisa k ap rive si m vin ansent ant premye dòz vaksen yo ak dezyèm dòz yo?

The American College of Obstetricians and Gynecologists te rive reyini yon gwoup ekspè ki rekòmande pou fini ak sik vaksinasyon an touswit yo lanse l pou kapab jwenn pwoteksyon ki pi efikas la pi rapid.

Mwen ap planifye gwosès mwen nan yon lavni pwòch. Èske mwen ta dwe vaksine kounyeya oswa tann?

Wi! Sa se yon trè bon moman pou pran vaksen an. Yo pa kwè vaksen COVID-19 yo ap afekte kapasite w pou ansent alavni. Si w vaksine anvan ou vin ansent, sa gen dwa anpeche w trape COVID-19 pandan gwosès la. Li kapab evite tou pou bezwen vaksinasyon pandan gwosès la.

Timoun yo

Èske timoun kapab vaksinen?

Yo apwouve Vaksen Pfizer a pou jèn moun ki gen 12 zan oswa pi gran. Yo apwouve vaksen Johnson & Johnson ak Moderna a pou moun ki gen laj 18 lane oswa ki pi gran. Premye esè klinik ki te fèt sou vaksen sa yo te limite nan tranch laj sa yo epi yo pa t enkli moun ki te pi jèn pase sa.

Pasyan ki elijib yo ki gen ant laj 12–17 lane yo ki bezwen jwenn [yon egzansyon](#) ke yon paran siyen pou resevwa yon vaksen Pfizer nan yon lokal Mass General Brigham.

Kilè timoun ki gen laj 11 lane ak sila ki pi jèn yo ap kapab pran yon vaksen kont COVID-19?

Nou pa konnen kilè yo ka apwouve youn oswa plis vaksen pou tranch laj sa a.

Sistèm iminitè timoun yo ak sistèm iminitè adilt yo pa menm epi yo ka pwodui yon seri reyaksyon iminitè ki diferan fas ak vaksen yo. Yo dwe etidye vaksen yo nan kominote timoun ki gen laj 11 lane ak sila ki pi piti yo pou asire yo ke yo san danje epi ke yo fonksyone. Aktyèlman, gen plizyè esè k ap fèt sou vaksen kont COVID-19 yo pou pasyan pedyatrik yo. Osito gen done, vaksen yo ap pase pa menm pwosesis revizyon Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (FDA) a. Y ap apwouve vaksen yo si done yo montre ke yo san danje epi ke yo efikas. Gen anpil chans sa ka pran plizyè mwa.

Èske timoun yo ap vaksinen avan kòmansman ane eskolè 2021-22 a?

Aktyèlman, yo apwouve vaksen Pfizer a pou timoun ki gen laj 12–17 lane yo. Pwiske yo poko apwouve vaksen sa yo pou moun ki gen pi piti pase laj 12 lane, li pa pwobab pou pifò timoun vaksinen avan kòmansman pwochen ane eskolè a. Adolèsan ak timoun ki nan lekòl presegondè ki nan laj 12–17 lane ka pran vaksen an nan kòmansman ane eskolè a. Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb CDC a](#).

Pasyan ki gen kansè

Mwen gen kansè. Èske mwen kapab pran yon vaksen kont COVID-19?

Wi. CDC deklare ke moun ki gen kansè ka pran vaksen kont COVID-19 yo, depi yo pa t gen okenn pwoblèm pou yo te pran vaksen yo oparavan.



Èske mwen ta dwe pran vaksen an si mwen sou tretman aktif pou kansè oswa èske mwen ta dwe tann tretman m lan fini?

Si tretman w ap fè kounye a gen ladan chimyoterapi, iminoterapi, terapi sible, oswa radyoterapi, ou ta dwe pale ak ekip k ap ba w swen an pou deside kilè pou pran vaksen an.

Lè w ap pran desizyon sa a, ou ta dwe konsidere risk ou genyen pou an kontak ak viris la, risk ou genyen pou vin tonbe malad grav si w trape viris la toutbon, ak lè ou pral fini tretman an.

Si ou fini tretman ou, ou ta dwe vaksinen. Sa enkli pasyan yo toujou ap konsilte yo, nan kad tretman apre a oswa sa yo konsidere kòm moun ki nan pati "sivi" nan pakou yo.

Èske vaksen yo ap afekte tretman kansè m nan?

Non. Nan moman sa a, pa gen okenn evidans ki montre vaksen yo pral afekte tretman kansè w la.

Èske moun k ap ban m swen an kapab vaksinen?

Moun k ap ba w swen an (pa egzanp madanm/mari oswa pitit ki adilt) ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante pa yo pou detèmine si yo ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19. Li rekòmande pou tout manm fanmi ki elijib yo ak kontak pwòch moun ki iminodeprime yo pran vaksen an.

[Aprann plis sou disponibilite vaksen an epi pran randevou pou pran vaksen an nan Mass General Brigham](#)

Lòt Resous

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Avantaj ki genyen nan Pran Vaksen kont COVID-19 la - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>
- 'Vaksen kont COVID-19 la nan Massachusetts - <https://www.mass.gov/covid-19-vaccine-in-massachusetts>
- Administrasyon Aliman ak Medikaman: Vaksen kont COVID-19 Pfizer-BioNTech - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/pfizer-biontech-covid-19-vaccine>
- Administrasyon Aliman ak Medikaman: Vaksen kont COVID-19 Moderna - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/moderna-covid-19-vaccine>
- Konprann Vaksen ARNm kont COVID-19 yo - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html>
- Administrasyon Aliman ak Medikaman: Vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson (Janssen) - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine#additional>
- Sitwèb Mass General Brigham sou COVID-19 - <https://www.massgeneralbrigham.org/covid19>

